



AVI POLITIK

Tit Politik la: Sekirite nan zafè Chofaj Bibwon

Nimewo Politik la: FO-25-03

Dat Piblikasyon an: 9 jiyè 2025

Dat li Efektif: 1ye out 2025

Lyen pou Politik la: [\[https://www.mass.gov/doc/updated-bottle-warming-safety-policyhaitian-creole/download\]](https://www.mass.gov/doc/updated-bottle-warming-safety-policyhaitian-creole/download)

APÈSI

Ou ka bay timoun yo bibwon lèt tibebe oswa lèt manman nan tanperati nòmal andedan kay oswa frèt. Sepandan, pafwa, yon fanmi ka mande pou bibwon pitit yo chofe. Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) rekonèt defi pwogram yo ka konfwonte lè yo ap eseye chofe bibwon pou plizyè timoun an menm tan. Se poutèt sa, EEC ap mete ajou politik li sou sekirite chofaj bibwon pou pèmèt pwogram yo fleksib pandan l ap kontinye minimize risk pou timoun yo boule.

APLIKABILITE

Politik sa a aplike pou tout pwogram EEC ki gen lisans ak finansman.

PRENSIPAL MIZAJOU YO

- Politik ki mete ajou a presize bibwon yo pa ka chofe oswa deglase nan itilize dlo ki soti nan yon distribitè dlo cho.
- Kounye a, politik ki ajou otorize sèten kalite aparèy chofaj bibwon. **Se sèlman aparèy pou tyedi bibwon ki itilize lè cho pou tyedi oswa aparèy elektrik pou tyedi bibwon ki pa itilize dlo oswa vapè ki otorize.**

Tanpri sonje sa ki pi wo a se sèlman yon apèsi sou prensipal chanjman yo nan ansyen politik la. Se pa sa sèlman politik la gen ladann. **TANPRI GADE LYEN PI WO A POU LI TOUT POLITIK LA.**

RESOUS

- [Dokiman asistans teknik EEC a](#), te mete ajou pou reflekte mizajou sa yo nan politik sekirite chofaj bibwon an.

OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

Politik sa a ki mete ajou a ranplase ansyen politik Sekirite Chofaj Bibwon EEC a ki te pibliye nan dat 23 janvyè 2012.